



Nou kapab jwenn yon solisyon

Si ou pa kapab rezoud yon pwoblèm taks avèk Depatman Taks la nan fason nòmal yo, Office of the Taxpayer Rights Advocate (Biwo Defansè Dwa Kontribyab) la kapab ede.

www.tax.ny.gov



New York State Department of
Taxation and Finance

DTF-911.2 HAI (7/13)

Eta New York Office of the Taxpayer Rights Advocate

Biwo Defansè Dwa Kontribyab la



Nou kapab jwenn yon solisyon

JWENN ÈD

avèk
pwoblèm taks
Eta New York



Nou kapab jwenn yon solisyon

The New York State Taxpayer Rights Advocate (Biwo Defansè Dwa Kontriyab la) kapab ede ou:

- si ou pa kapab rezoud yon pwoblèm taks avèk Depatman Taks la nan fason nòmal yo
- si ou bezwen èd pou rezoud yon pwoblèm taks alontèm

Pa inyore pwoblèm taks ou

Inyore pwoblèm taks ou se bagay pi mal la ou te kapab fè. Lè w inyore dèt taks ou sa pa vle di ke yo disparèt. Men gen opsyon:

- plan peman tranch abòdab yo disponib gen kèk kontriyab yo ki gen dwa elijib
- pou akò antant yo

Defansè a kapab ede w

Defansè a kapab travay avèk ou ak Depatman Taks pou ede rezoud ka ak retounen sityasyon an nan eta nòmal. Defansè a pral:

- bay enfòmasyon gratis ak asistans endepandan
- asire byen ke Depatman Taks la revize dosye ou nan yon fason apwopriye
- ede ou konprann avi enpòtan ak dat limit enpòtan yo
- eksplike dwa ak responsablite ou yo dapre lalwa — ki gen ladann dwa ou pou prezante yon apèl kont yon desizyon

Pou resevwa èd:

Ale nan sit entènèt nou ak enprime Fòm DTF-911, *Request for Assistance from the Office of Taxpayer Rights Advocate* (Demann pou Asistans nan men Biwo Defansè Dwa Kontriyab la).

Rele (518) 530-HELP (4357)

Voye fòm ranpli a nan adrès:

NYS Department of Taxation and Finance
Office of the Taxpayer Rights Advocate
W A Harriman Campus
Albany NY 12227

Èske ou bezwen asistans pou konprann yon dokiman? Rele nou nan (518) 530-4357 ak mande pou pale avèk yon entèprèt.

¿Necesita ayuda para entender este documento? Llámenos al (518) 530-4357 y solicite hablar con un intérprete.

